

IJAMBO RYA NYENICUBAHIRO VARISITO NDAYISHIMIYE, UMUKURU W'IGIHUGU C'UBURUNDI MU GIHE YUGURURA ICESE URUGANDA RW'UBUHINGA KU BIJANYE N'AHU UMUGAMBI WO KUJA HAMWE KW'IGIHUGU CACU N'IBINDI BIHUGU BIHURIKIYE MW'ISHIRAHAMWE RY'IBIHUGU VYO MURI AFRIKA Y'UBUSERUKO UGEZE

1. Imbere ya vyose, munkundire dutangure gushimira Imana Mushoboravyose yo yatugejeje iki gihe, ikadushoboza no guhurira hano kuri uyu musu uri hejuru.

➤ Banyakwubahwa mwese,

2. Imbere y'uko twinjira mw'ido n'ido nyezina rya runo ruganda, tubanze kwipfuriza ikaze mwese mwaje muserukira inzego zitandukanye zirongoye igihugu, abagize Reta y'Uburundi, abaje baserukiye Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka, Abayobozi bakuru bakuru b'ibisata bitandukanye, tutibagiye na mwebwe batumire bahire mukoraniye muri kino kibanza.

3. Turi ngaha kugira ngo dutanguze icese ibikorwa vy'uruganda rw'ubuhinga ku bijanye n'aho umugambi wo kuja hamwe kw'igihugu cacu n'ibindi bihugu bihurikiye mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Uburundi ugeze.

Muri urwo ruganda tukaba dushimikira ku gusuzuma cane cane « INTAMBWE UBURUNDI BUGEZEKO MW'ISHIRAHAMWE RY'IBIHUGU VYO MURI AFRIKA Y'UBUSERUKO : INTAMBAMYI N'UTURUSHO ».

4. Kuba mwashoboye kwitaba ibikorwa vy'uru ruganda, ni ikimenyesto kuri twebwe c'ikibanza muha ibijanye no kuja hamwe kw'ibihugu bihurikiye mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Uburundi.

5. Kuri twebwe, ntidukekeranya ko uru ruganda ari akaryo keza, ko kwirimbura, gukubitiza agatima mpembero ku vyo igihugu kimaze gushikako, inyungu twaharonkeye, ivyatubereye intambamyi n'ingene twobitorera inyishu kugira ngo Uburundi bushire mu ngiro imigabo n'imigambi bwiyejeje ku neza y'igihugu cacu no ku neza y'ibihugu dusangiye ishishamwe.

6. Ni n'akaryo kandi ko kurabira hamwe ivyokorwa kugira ngo igihugu cacu citegurire neza ibijanye no kurongora Inama y'Abakuru b'ibihugu bigize Afrika y'Uburundi mu misi iri mbere. Twiteze kandi ko mwaje mufise ishaka ryo guterera agacumu k'ubumwe mu bijanye no kwubaka iri shishamwe kugira ritere imbere, maze rishobore guhiganwa n'ayandi mashishamwe, riyunze mu bijanye na poritike nk'uko bene kurishinga bavyipfuye.

➤ Banyakwubahwa Mwese,

➤ Batumire Bahire.

7. Akahise ka Afrika karatwereka neza y'uko kuva kera na rindi, Abategetsi b'ibihugu vyo muri Afrika bamye, na ntaryo, barajwe ishingira n'uko ibihugu vyabo vyoja hamwe mu ntumbero yo gushira inguvu hamwe kugira bashobore kwiteza imbere mu bijanye n'ubutunzi, poritike, imibano hamwe n'imico kama vyo soko ryo kwikukira nyakuri n'iterambere rirama ku rwego rw'umugabane wa Afrika.

8. Ihangiro ry'Ishirahamwe ry'Ubumwe bw'Afrika ryo gushika mu mwaka w'2063 riremeza uruhara ntangere rw'ivyerekeye ishirwa mu ngiro ry'umugambi werekeye ukuja hamwe kw'ibihugu bigize umugabane wa Afrika, ribicishije mu gushimangira imbonokazoza y'iryo Shirahamwe ishingiyeye kuri « Afrika yiyunze, Afrika iteye imbere kandi itekanye, Afrika irongowe na beneyo kandi bashoboye kuyihagararira ku rwego mpuzamakungu ».

9. Muri uko kuja hamwe kw'ibihugu bisangiye akarere, igihugu kimwe kimwe kiraheza kakaharonkera abakizanamwo imitahe yabo, biciye mu mwidegemvyo mu bijanye n'uruja n'uruza rw'abantu n'ibintu, mu guhanahana ibidandazwa n'ubuzi ku rugero rw'isoko rusangi ryagutse kandi ryuguruye.

10. Kuri twebwe rero nk'Abarundi, igihugu cacu si izinga canke agati kirebanga mu ruzi. Turazi ko « Ubugirigiri bugira babiri » kandi ko :« Imiti ikora ikoranye ».

Ukuja rero hamwe n'ibindi bihugu si ivyo igihugu cacu kirinda guhitamwo, ahubwo ni ngombwa kugira ngo abenegihugu bashobore kubaho nk'abandi benewabo, na cane cane ko muri kino kiringo amakungu asigaye arangwa no kuja hamwe kugira yoroshe ibijanye no guteza imbere ibisata vyose vy'ubuzima bw'abenegihugu, ndetse no guhangana n'ibibazo vyose biza bihanze isi yose.

11. Uburundi aho bugeze buramaze kuja mu mashirahamwe y'uburere bwa Afrika atari make nk'Ishirahamwe ry'umuryango w'ibihugu vyo muri Afrika yo mu buseruko (EAC), Ishirahamwe ry'umuryango w'iterambere ry'ibihugu vyo mu karere k'ibiyaga binini (CEPGL), Ishirahamwe ry'umuryango w'iterambere ry'ibihugu vyo muri Afrika yo ahagati (CEEAC) n'ishirahamwe ry'isoko rusangi ryo mu buseruko no mu bumanuko bwa Afrika (COMESA)

12. Ku biraba umuryango w'ishirahamwe ryo muri Afrika y'ubuseruko, ari naryo ridukoranije uyu musu, uru ruganda rw'ubuhinga, rubaye inyuma y'uko mu mpera z'umwaka uheze hatunganijwe umwiherero wahuje incabwenge z'Abarundi, baba abari hanze canke mu gihugu, harimwo n'abahinga b'inararibonye mu bijanye n'ivy'ubutunzi, kugira ngo batange intererano zabo mu ntumbero y'uko igihugu cofata umurindi w'ibihugu biteye imbere mu mwaka w'2040. Mu vyizwe barasuzumye n'ingene Uburundi bumerewe mu muryango w'ibihugu vya Afrika y'ubuseruko.

13. Ni na co gituma ku bitwerekeye, imigambi ikorerwa mu muryango w'ibihugu bisangiye akarere na cane cane ibihugu bihurikiye mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko, ari akarusho kaza nk'inyongera kw'ishirwa mu ngiro ry'imigambi isanzwe yarategekaniywe kuzorangurwa mu ntumbero yo kwubaka igihugu cyunze, cifashe kandi cubashwe haba ku rwero rw'Akarere canke mpuzamakungu. Nico gituma tunejerejwe no kuba muri uwo muryango kuko ivyo tumaze kwunguka ni vyinshi, ariko umugani wa babandi, si aha gusa hari n'ahandi ndashaka kuhabona.

- Banyakwubahwa Mwese,
- Batumire Bahire;

14. Igihe igihugu c'Uburundi cinjira ku mugaragaro mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko, ku wa 01 mukakaro 2007, haracye ikiringo c'imyaka 15 ibura amezi makeyi, cariyemeje kwubaha, kwubahiriza no gushira mu ngiro lbwirizwa Ngenderwako, amateka, amategeko, hamwe n'imigabo n'imigambi y'Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko.

15. Ni no muri iyo ntumbero hatunganijwe uru ruganda rw'ubuhinga, kugira ngo turabire hamwe, umwe umwe wese mu vyo ajejwe, ivyoshimikirwako kugira ngo igihugu citegurire neza guterera bimwe biboneka mu burongozi bw'uwo muryango.

None rero ni n'akaryo ko kwisuzuma, kugira ngo ntiduhawe tuja gutera uburezi abandi twiyibagiye.

Ni co gituma duhamagariwe gusuzuma bimwe bimwe muri ibi bibazo :

a. Twihweje, tukumviriza ivyiyumviro vy'abenegihugu, n'ubu biraboneka ko hari agahaze. Ntitwari tukiri mu gihe abenegihugu babaza ico bakuye mu muryango.

None, hokorwa iki kugira ngo Uburundi buvyaze umusaruro bimwe biboneka iyinjira mw'ishirahamwe ryo muri kano karere ?

b. Hariho n'abiyumvira ko abo twajeje gukurikirana ico kibazo hari aho boba badatanga amakuru akwiye ajanye n'ico abenegihugu b'Uburundi bokora canke mbere n'ibisata bitandukanye ico vyokora.

Ni co gituma muri uru ruganda, dusaba ko ubushikiranangijwe bujwe iyinjira ry'Uburundi mu muryango w'ibihugu vyo mu karere budomako urutoke kuri ivyo vyose bituma Uburundi butakaza inyungu ziva muri uyu muryango kugira haboneke icokorwa kugira Uburundi buronke akoyokwe.

c. Hariho ikibazo c'itozwa ry'amakori. Ico kibazo caranababijijwe mu gihe twatunganya ihuriro ry'incabwenge z'Abarundi ku bijanye n'iterambere ry'Uburundi.

Uwubirorera arabona ko hari agahaze mw'itozwa ry'amakori, gushika n'aho vyibonekeza ko Uburundi bwiyatse akarusho bwahabwa n'amategeko y'umuryango.

Ubu rero harageze ko twivyukiranyaga. Uburundi bwokwitunganya gute mu bijanye n'itozwa ry'amakori ku bidandazwa vyinjira bivuye inyuma y'akarere k'umuryango wa Afrika y'ubuseruko ?

d. Muri uru ruganda kandi dutegerezwa gusuzuma neza ingene duhuza ishigwa mu ngiro ry'amabwirizwa n'amategeko agenga ivyo gushinga imitahe n'amategeko agenga igihugu cacu ku neza yabo bose vyega.

e. Ikindi kibazo kijanye n'uburusho butangwa ku bagwizatunga bamwe bamwe.

Ababukurikiranira hafi, baranegura ko babona ko harimwo igipfungu kandi ko igihugu kihahombera mu bijanye n'amakori.

Twige rero ingene twotuzaza ingeso y'abikika mu kiza bagashobora kuronka uburusho bw'umurengera, abandi bagakoresha ubwo burusho ico butagenewe, ubutunzi bw'igihugu bukahahombera.

Aha rero duca duhindukirira ubushikiranganji bujewe ikigega ca Reta kugira bwikebuke, butunganye neza mu muco ibijanye no gutanga uburusho. Ni yaba ari amategeko yacu yatuboshe, abohorwe ku neza y'iterambere ry'igihugu.

Canke ni baba babona ko bitunganye neza, babitwereke kugira ngo tubitegere kumwe.

f. Ikindi cigwa kitohara ni ugusuzuma ico twomarira akarere muri iki gihe igihugu cacu kigiye kurongora umuryango mu kiringo c'umwaka.

Dushiriyemo umuryango akarusho akahe kabirya canke ni ikihe gikorwa twokora kikazoguma ari ntibagirwa mu mitima y'abanyagihugu bagize umuryango ?

g. Hari kandi ikibazo cama kibazwa kijanye n'ukuronka akazi mu muryango. Abarundi baridodomba ko usanga bari inyuma mu bitigiri kubera imvo zitandukanye.

Uno musu dushaka ko mutwigira icokorwa kugira Abarundi na bo baronke akazi mu muryango w'ibihugu bigize umuryango wa Afrika y'Ubusuruko ndetse n'Uburundi buronke ikibanza kibereye mu bisata canke amashirahamwe yegamiye uwo muryango.

h. Ikindi nkoramutima ni ikijanye n'indimi zikoreshwa. Turazi ko Abarundi ahanini bakoresha ururimi rw'igifaransa mu kazi kabo.

Twipfuzaga ko mwoterera ubwenge ubushikiranganji kugira butegure neza icokorwa kugira urwo rurimi rukoreshwe mu zindi zikoreshwa mu ma nama y'umuryango wa Afrika y'ubuseruko cane cane ko ubu tutakiri twenyene, n'igihugu ca RDC caraye cinjiye muri uyo muryango kandi gikoresha ahanini igifaransa.

Mboneyeho n'akaryo ko gukeza umuryango ko wibarutse, nkeza na RDC, ndacipfuriza kurama mu muryango. Kuri twe twabwira ni ibakwe kuko dusanzwe turi abazimyumuriro.

➤ Banyakwubahwa mwese,

➤ Batumire Bahire ;

16. Abenegihugu bese bumvise igikorwa catuzindukanye kuri uno musu, barindiranye igishika ibiza kuva muri runo ruganda cobazanira akarusho mu bijanye no kuja hamwe kw'igihugu cabo n'ibindi bihugu bihurikiye mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko.

Turasavye ubushikiranganji bwo butegerezwa gusuzuma akarusho buzanira Abarundi, turindiranye igishika ubwenge bushasha muza gukura ngaha.

17. Turabahamagariye rero, mwebwe batumire bahire, ngo muze gukoresha ubwenge, ubumenyi n'ubwitonzi hamwe n'ubukerebutsi vyamye bibaranga mu guca hirya no hino ivyo ibibazo vyose ndetse n'ibindi muza kubona no mu gutanga intererano zubaka, kugira ngo ibikorwa vya runo ruganda bigirire akamaro abenegihugu, biciye mw'ishirwa mu ngiro ry'imigabo n'imigambi y'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko.

18. Icipfuzo cacu nyamukuru ni uko ibikorwa vya runo ruganda ku bijanye n'aho umugambi w'igihugu werekeye kuja hamwe n'ibindi bihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko ugeze, vyogira icyo bifashije kugira uwo mugambi ubandanye utera uja imbere nk'umuzinga, tubandanye tuba akarorero mu bijanye no gushira mu ngiro imigabo n'imigambi y'Ishirahamwe ryacu ; twubake ishishamwe rifise beneryo basangiye ugupfa n'ugukira.

19. Ntitworangiza rero rino jambo tudasubiye gukengurukira bimwe vy'imvamutima abatunganiye ibikorwa vya runo ruganda, namwe mwese mwashoboye kwitaba bino bikorwa, twongera tunabasaba kuza muratanga ivyiyumviro vyiza kandi vyubaka kugira umugambi werekeye ukuja hamwe kw'Uburundi n'ibindi bihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko ube ngirakamaro.

20. Ni kuri aya majambo turangirijeko twemeza ko dutanguje icese ibikorwa vy'uruganda rw'ubuhinga ku bijanye n'aho umugambi wo kuja hamwe kw'igihugu c'Uburundi n'ibindi bihugu bihurikiye mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko ugeze rwatunganiye ku civugo : « INTAMBWE UBURUNDI BUGEZEKO MW'ISHIRAHAMWE RY'IBIHUGU VYO MURI AFRIKA Y'UBUSERUKO : INTAMBAMYI N'UTURUSHO ».

Niharambe Repuburika y'Uburundi ;

Niharambe Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko ;

Imana ibahezagire ;

Murakoze.